



RANGKUMAN BAHASA SUNDA KELAS 4

Pangajaran 1 : Éndahna Hirup Babarengan

❖ Maca Wacana

Gotong Royong

Poé Ahad isuk – isuk, teu jauh ti imahna Mida, warga Cidora geus ngarumpul di sisi jalan. Lolobana lalaki, bapa – bapa jeung pamuda. Aya meureun kana tilu puluh urangna. Saréréa pada – pada nyarekel *pakakas*, *pacul*, *bedog*, jeung *sapu nyéré*.

“Geus hudang acan, Bu, Mida téh?” Bapana Mida norojol ti dapur.

“Ngagojod kénéh dikamarna. Ké geura urang hudangkeun,” témbal Ibu Téli, bari terus indit ka kamarna.

“Mida! Mida! Hudang! Apan ayeuna téh aya kerja bakti. Tuh, batur mah geus karumpul titadi,” ceuk ibu Téli.

Teu lila kadéngé sora nu gegeroan di luar. *Horéng Saépul* nyampeur bari mawa *pacul*. Saépul tuluy asup ka jero imah.

“Ih, geuning tacan ka cai – cai acan,” ceuk Saépul.

“Puguh gé tadi peuting téh kalah lalajo maén bal, jeung A Déni,” ceuk Mida bari nyengir. Leos ka kamar mandi. Heuleut lima menit, Mida datang deui.

“Yu ah , urang kerja bakti téa,” ceuk Mida

“Har naha moal *sasarap* heula kitu? Saépul nanya.

“Moal lah. Kuat urang mah teu *sasarap* ogé,” témbal Mida bari seuri.

Léos duanana arindit ka jalan. *Kasampak* nu séjén mah geus sibuk baranggawé. Aya nu *ngababad* jukut, meresihan *kamalir*, jeung *nyaeur* jalan. Kituna téh bari di barung ku heureuy *sempal guyon*. Atuh kaayaan téh mani ramé. Babaturan Mida gé araya didinya marilu mantuan. Kabagéan ngangkutan *runtah* barudak mah.

❖ Ngapalkeun Harti Kecap

- Ahad = poé Minggu
- Pakakas = alat – alat
- Ngagojod = ngagolér bari disimbut
- Sasarap = sarapan
- Léos = indit
- Kasampak = katingali
- Ngababad = istilah keur motong jukut (rumput)
- Kamalir = balong
- Nyaeur = ngaluhuran jalan (améh teu bécék)
- Sempal guyon = gogonjakan, heureuy
- Ngangkutan = ngangkatan
- Runtah = sampah
- Rikrik gemi = apik kana duit
- Halabhab = hayang nginum
- Sakur = sakabéh

❖ Ngaran Pakakas

 pacul	 arit	 bedog
 linggis	 kampak	 ragaji




❖ Kecap Saharti

- Ayeuna = kiwari (sekarang)
- Awéwé = wanoja (wanita)
- Beunghar = jegud (kaya)
- Bodo = belet (bodoh)
- Balik = mulang (pulang)
- Buhun = baheula, kuno
- Cageur = damang (sehat)
- Dipaké = dianggé (dipakai)
- Dinten = poé (hari)
- Gembira = bungah (senang, bahagia)
- Juara = pinunjul (juara)
- Jeung = sarta (dan)
- Jarang = langka
- Kariaan = pésta (perayaan)
- Kedah = kudu (harus)
- Kakara = anyar (baru)
- Kawentar = kasohor (terkenal)
- Loba = seeur / réa (banyak)
- Lantaran = sabab (karena)
- Mangsa = waktu (waktu)
- Mecak = nyoba / nyobaan (mencoba)
- Nabung = nyéngcéléngan
- Ngajual = ngical (menjual)
- Ngabring = ngaleut, babarengan (bersama – sama)
- Obor = oncor (bambu yang diisi minyak tanah dan sumbu)
- Remen = mindeng (sering)

Pangajaran 2 : Hémat Ēnérgi

❖ Niténan Stiker Anjuran Hémat Ēnérgi




**KALUAR TI JAMBAN
PAREUMAN LAMPU NA!**

**HURUNGKEUN ANU PERLU,
PAREUMAN ANU TEU PERLU.**



**SAKOLA KANA SAPĒDAH.
YU NGABOSEH!**

**LEUMPANG = OLAHRAGA
NAĒK KENDARAAN = POLUSI**






**TOS RĒNGSĒ NGANGGO,
CABUT DEUI KABELNA!**

❖ Ngapalkeun harti kecap

- Énérgi = kakuatan, daya, tanaga
- Jamban = tempat paranti mandi
- Réngsé = bérés
- Buruan = halaman imah
- Gas = sarupaning gas anu sifatna siga hawa
- Nyumponan = nedunan, nyukupan
- Sibanyo = ngumbah leungeun
- Diangir = ngumbah buuk
- Jempling = tiiseun
- Limbah pabrik = runtah sésa ti pabrik
- Tarékah = usaha
- Ditaluntik = ditaliti

❖ Rupa – Rupa Kadaharan

<p>1. Ciréng Ciréng rasana gurih. Dijieunna tina aci. Bentukna buled gépéng. Bumbuna maké bumbu kacang.</p>	
<p>2. Comro Comro singkatan tina oncom di jero. Dijieunna tina sampeu diparud. Dijerona maké sambel oncom. Ngasakanana digoréng.</p>	
<p>3. Misro Misro singkatan tina amis di jero. Dijieunna tina sampeu diparud. Dijerona maké gula beureum. Ngasakanana digoréng.</p>	

<p>4. Awug Awug rasana amis. Dijieunna tina tipung béas jeung gula beureum. Ngasakanana diseupan. Biasana sok dipurulukan kalapa.</p>	
<p>5. Ali Agrem Ali agrem rasana amis Dijieunna tina adonan béas, santen, jeung gula beureum. Bentukna buleud di tengahna bolong siga donat.</p>	
<p>6. Bandros Bandros rasana gurih campur amis. Dijieunna tina tipung béas jeung kalapa. Biasana dipurulukan ku gula bodas.</p>	
<p>7. Ranginang Ranginang rasana asin. Dijieuna tina sangu ketan. Dicitak baruleud gépéng tuluy dipoé. Ngasakanana digoréng.</p>	
<p>8. Wajit Wajit rasana amis. Dijieunna tina ketan dicampur gula beureum jeung kalapa. Biasana digoréng atawa dibeuleum.</p>	

<p>9. Surabi Surabi dijieunna tina tipung jeung cipati. Surabi amis mah dipurulukan gula. Surabi lada dipurulukan sambel oncom garing. Ngasakanana dina citakan surabi.</p>	
<p>10. Opak Opak dijieunna tina ketan. Nyieunna diseupan tuluy ditutuan sina baruleud ipis. Dipoé nepi ka garing. Lamun rék didahar biasana dibeuleum heula.</p>	

❖ **Kalimah Ngantét**

Kalimah ngantét nyaéta kalimah majemuk nu diwangun ku dua kalimah atawa leuwih, nu disambung atawa nu dikantétkeun.

Kalimah ngantét satata nyaéta kalimah majemuk anu kalimah – kalimah na sadarajat atawa satata. Ieu kalimah ngantét téh ngagunakeun kecap panyambung *sarta, jeung, atawa, tuluy/terus*.

Tingali conto dihandap!

1. Mida resep dahar buah.
 Dami resep dahar buah.
 Mida **jeung** Dami resep dahar buah.
2. Istrikaan maké listrik
 Kulkas maké listrik
 Istrikaan maké listrik, kulkas **ogé** sarua.
3. Kuring keur mikir naha rek balik ayeuna
 Kuring keur mikir naha rek balik isukan
 Kuring keur mikir naha rek balik ayeuna **atawa** isukan

Pangajaran 3 : Mikanyaah Papada Makhluk

❖ Maca Dongéng

Nu Nyaah ka Sato

Haji soléh téh jelema beunghar. Loba sawahna, lega kebonna. Geus *karuhan ingon – ingon* mah, saperti domba jeung munding. Malah hayam jeung meri mah nepi ka ngaratus jumlahna téh. Aya anu *purah* ngurusna. Ti mimiti *maraban, ngangon*, jeung nyokotan endogna.

Haji soléh boga kuda tunggang, ngaranna Si Senang. Asalna mah éta kuda téh bogana Pa Salia. Keur *belona* teu kaurus ku Pa Salia. Malah pikawatireun pisan kaayaanana ogé. Nya begang, nya gering. Ku haji soléh éta kuda téh dibeuli. Tuluy diurus *tulatén* pisan. kasakitna diubaran. Unggal poé disadiakeun jukut héjo. Nepi ka lila lila mah éta belo téh cageur. Awakna *lingsig* séhat, sarta buluna *luis tur leucir*. Barang geus gedé tuluy *dibalajar*, nepi ka jadi kuda tunggang anu kacida *iceusna*. Lumpat na tarik. Tanagana *bedas*.

Hiji mangsa, Haji Soléh indit ka Cidadap rék nagihan. *Miang* na téh tumpak Si Senang. Nagihanana hasil. Pa Soléh balik mawa duit loba. Tapi kulantaran loba tagiheunana, Pa Soléh balikna *kaburitan*. Reup – reupan magrib téh Pa Soleh masih aya di jalan kénéh.

Barang ngaliwat ka nu suni, teu kanyahoan aya jelema megat liliwatan. Pa Soléh geus teg waé, tangtu bégal anu boga niat goréng. Ceg nyekel kadali Si Senang. Éta jelema téh rupana pikasieuneun. Buuk *cawigwig*. Beungeutna bala ku kumis jeung janggot. Ari Panon na bereum bolotot. Leungeun katuhuna *ngabar – ngabar* bedog.

“kadiukeun éta duit manéh! Awas ulah coba – coba kabur!” pokna.

Haji Soléh geus aya pikiran rék mikeun duit téa. Sabab ngalawan ogé geus *katulup* moal pihaseun, da teu mawa pakarang nanaon. “ kajeun aing rugi ogé. Asal awak wé salamet” kitu ceuk pamikiran.

Tapi Si Senang siga – siga ngartieun, *dunungana* keur meunang *papait*. Éta kuda teh *hihiem* bari motah teu daék cicing. Ukur ku saléngkah ngawahan, Si Senang tuluy nubruk éta bégal. Geus kitu tuluy *narajang* make suku hareupna. Si Bégal nangkis maké bedogna. Bres! Bedog téh keuna kana suku Si Senang. Tapi suku Si Senang ogé kaburu kénéh najong dada Si Bégal. Jebrod! gubrag Si Bégal ngajengkang.

Sanggeus kitu mah geuwat Si Senang lumpat satarikna. Getih ulawéran tina sukuna teu dirasa. *Heuleut sawatara* lila nepi ka imah. Haji Soléh mah salamet teu nanaon. Haji soléh geuwat baé ngumbah *tatu* Si Senang ku cai haneut. Tuluy *dipopok* maké dangdaunan meunang *ngarieus*.

Haji Soléh beuki nyaaheun ka Si Senang, *duméh* kahutangan budi lantaran nyawana geus disalametkeun .

❖ Ngapalkeun Harti Kecap

- Ingon – ingon : rupa – rupa sato nu diingu
- Ngangon : menggembala
- Maraban : meré dahar sato
- Lingsig : ngeusi, teu kuru, tanda séhat
- Luis : beresih
- Leucir : lucir
- Dibalajar : dilatih
- Iceus : ngarti
- Bedas : kuat, gedé tanaga
- Miang : angkat, indit
- Kaburitan : kasoréan, soré teuing
- Cawigwig : sebutan keur buuk anu gimbal teu kaurus
- Dunungana : nu boga kawasa
- Papait : musibah
- Hihiem : sora kuda
- Narajang : ngarontok kalawan maksud mergasa lawan
- Dipopok : ubar sarupa poko
- Ngarieus : ngalembutkeun barang (ubar) dina batu

❖ Kalimah Ngantét Lalawanan


- Kalimah ngantét lalawanan nyaéta kalimah anu satata tapi lalawanan, lantaran aya kecap panyambung nu ngawangun harti lalawanan.
- Conto kecap panyambung lalawanan nyaéta; **tapi** jeung **lain-baé-tapi-deuih**.
- Conto kalimah ngantét lalawanan
 1. Mida resep maén bal.
Dami mah resep masak.
Mida resep maén bal **tapi** Dami mah resep masak.
 2. Nu nyaah kana kelenci **lain** Mida **baé**, **tapi** Dami **deuih**.

❖ **Istilah dina miara ingon – ingon**

Istilah ingon – ingon nyaéta sato anu ngahaja diingu pikeun sumber pangan jeung babantu pagawéan jelema. Dihandap ieu aya sababaraha conto istilah ingon – ingon :

- Marab : méré dahar sato
- Ngangon : ngagiring sato
- Ngingu embé : miara embé
- Bulu leucir : bulu na hérang
- Ngampihkeun hayam : mindahkeun hayam kana kandangna
- Ngencarkeun : ngaleupaskeun sato
- Ngabintih : istilah hayam macok

❖ **Sato anu sok diingu**



Pangajaran 4 : Rupa – Rupa Pagawéan

❖ Rupa – rupa profési dina kahirupan urang sunda baheula

1. **Anjun** : tukang nyieun parabot tina taneuh.
2. **Dalang** : tukang maénkuen wayang/ ngalakonkeun carita wayang.
3. **Masinis** : tukang ngajalankeun karéta api
4. **Nahkoda** : tukang ngajalankeun kapal cai
5. **Pamayang**: tukang ngala lauk di laut (nelayan)
6. **Panday** : tukang nyieun parabot tina beusi
7. **Patani** : tukang melak pepelakan
8. **Kuncen** : tukang ngurus kuburan atawa tempat keramat
9. **Pilot** : tukang ngajalankeun pesawat terbang
10. **Supir** : tukang ngajalankeun mobil
11. **Kamasan** : tukang nyieun perhiasan tina emas
12. **Paraji** : tukang ngurus anu ngalahirkeun
13. **Kusir** : tukang ngajalankeun déلمان
14. **Nayaga** : tukang nabeuh gamelan

❖ Ngapalkeun harti kecap

Matuh	= bumi (tempat tinggal)
Kabuyutan	= titinggal karuhun
Cumantaka	= kumawani/wanian
Wawalesna	= pamales ti Gusti minangka hukumanana
Asa aing	= ngarasa leuwih hébat ti batur
Rundayan	= turunan
Kecap rundayan	= kecap anu geus dirarangkénan
Pamadegan	= tangtungan
Kariaan	= hajatan
Culika	= resep nyilakakeun batur

❖ **Kalimah Wawaran**

- Kalimah wawaran gunana pikeun nepikeun béja, pesen, atawa talatah.
- Pesen atawa talatah nya éta omongan anu kudu buru - buru di tepikeun. Ulah ditambahan jeung ulah dikurangan.

- Conto kalimah wawaran

1. Mida papanggih jeung Gilang. Gilang nyarita ka Mida, "Mid, lamun papanggih jeung Didin, pangbéjakeun engké soré ulah kamamana kituh. Urang rék ulin ka imahna."

Mida panggih jeung Didin. Ceuk Mida, "Din, ceuk Gilang, engké sore ulah kamamana, Gilang rek ulin ka imah Didin."

2. Ibu guru nepikeun béwara dikelas. Saur ibu Guru, "Wartoskeun ka rama atawa ibu hidep. Dinten Saptu kedah ka sakola, margi badé aya rapat orang tua murid sareng déwan sekolah."

Dami nepikeun pesen ibu guru ka bapa. Ceuk Dami, "Saur ibu guru, dinten Saptu, apa atanapi mamah kedah sumping ka sakola, margi badé aya rapat orang tua murid sareng déwan sekolah."

3. Maman papanggih jeung Mang Nandang. Mang Nandang nyarita ka Maman. Ceuk Mang Nandang, "Man, lamun papanggih jeung Nining, béjakeun Mang Nandang hayang panggih kituh. Mamang aya perlu ka Nining."

Maman papanggih jeung Nining. Maman nyarita ka Nining. Ceuk Maman, "Tah, geuning Nining. Mang Nandang hayang papanggih. Aya perlu ka Nining."

❖ **Babasan**

- **Jalma aya** : jelema beunghar, sagala boga
- **Amis budi** : soméah, lamun nyarita teu weléh dibarung ku imut/seuri
- **Amis daging** : babari katerap kasakit kulit, tatu saeutik ogé langsung borok
- **Hampang birit** : daékan, tara hésé mun dititah gawé
- **Hampang leungeun**: gampang teuteunggeul, lamun aya kaambek téh sok bari neunggeul
- **Gedé hulu** : sombong, adigung, pédah ngarasa leuwih ti batur
- **Héjo tihang** : pundah – pindah waé, teu betah netep di hiji tempat
- **Kurung batok** : tara ka mamana, cicing waé di tempatna, jadi teu apal nanaon